

[Papye antèt Distri a]

Dat

Chè paran oswa responsab legal:

Elèv ou te nan lekòl nan yon distri ki resevwa finansman Tit III nan men gouvènman federal la. Lajan Tit III la pou ede elèv ki pa maton nan lang Angle (tankou timoun ak jèn moun imigran yo) vin gen konpetans nan lang Angle, devlope nivo siperyè siksè akademik nan lang Angle, epitou satisfè menm kontni akademik serye ak prensip siksè akademik elèv menm jan yo mande tout elèv ki nan eta Florid pou yo respekte.

Yo revize distri lekòl ki resevwa lajan Tit III yo chak ane pou wè si yo satisfè *Objektif Siksè Anyèl Mezirab* (AMAO) pou moun k ap aprann lang Angle:

- AMAO 1 = Pwogrè nan vin gen konesans nan lang Angle
- AMAO 2 = Pwogrè nan pousantaj elèv ki vin maton nan lang Angle
- AMAO 3 = Pèfòmans sou prensip siksè akademik nan FCAT

Lèt sa a se pou fè ou konnen distri lekòl pitit ou pa t satisfè youn oswa plis kondisyon nan **Evalyasyon Elèv nan Lang Angle nan Matyè Debaz (CELLA)** selon done revizyon evalyasyon konpetans nan lang Angle, ak done pèfòmans akademik **nan Egzamen Eta Florid pou Evalyasyon Elèv yo nan Matyè Debaz (FCAT)** pandan youn oswa plis dènye ane lekòl yo.

AMAO yo	2009-10	2010-11
AMAO1		
AMAO2		
AMAO3		
Satisfè Tout AMAO yo		

Pou konnen plis bagay sou pwogrè pitit ou nan fason li vin maton nan lang Angle oswa sou fason ou kapab vin patisipe pi plis nan lekòl yo, kontakte [non moun zòn nan pou kontakte] nan [nimewo telefòn].

Sensèman,

[Administratè Distri oswa non moun reprezantan li]